

POUKISA ELEVASYON

NIVO LANMÈ


ENPÒTAN POU MWEN?

Elevasyon nivo lanmè dekri kijan oseyan yo ki nan mond la ap vin pi wo, an mwayèn, parapò ak nivo latè.

Tè ki nan **konte Broward, Miami-Dade, Monroe, ak Palm Beach** sitiye pami **nivo altitud ki pi ba yo nan peyi a**, sa ki vin ekspose rejyon nou an ak yon risk patikilye pou elevasyon nivo lanmè.



Poukisa lanmè yo ap monte?



SOUTHEAST FLORIDA REGIONAL COMPACT CLIMATE CHANGE

Pwojeksyon Inifye pou Elevasyon Nivo Lanmè

Distans pou nou rive an

2040 nivo lanmè a pral monte

10 a 17 pou

pi wo pase nivo lanmè a te ye nan lane 2000.



Kouman elevasyon nivo lanmè a afekte kominote mwem ak lavi mwen?



Elevasyon nan nivo lanmè vle di plis inondasyon nan lari ak nan kay nou yo. Anmezi nivo lanmè ap monte, inondasyon nwizib ki asosye ak mare wot natirèl yo ap vin fèt pi souvan epi yo ap avanse pi fon nan zòn ki pa pre ak lanmè a. Evènman inondasyon sa yo ke yo rele "Sunny Day" (Jounen Solèy) - se inondasyon ki rive san pa gen okenn lapli - yo te rive pi souvan pandan de deseni ki sot pase yo¹. Paske dlo inondasyon an se dlo sale, inondasyon pandan Jounen Solèy sa yo ka domaje machin nou yo ak lòt pwopriyete nou akòz korozyon sèl la.



Elevasyon nivo lanmè a afekte katye ki pa nan zòn kotyè yo. Paske Sidès Florid chita sou wòch ki pore, elevasyon nivo lanmè pa vin yon pwoblèm pou kominote kotyè nou yo sèlman. Anmezi lanmè a ap monte, nap dlo ki anba tè a ap monte tou. Lè lapli ap tonbe, vin gen mwens espas pou tè a absòbe dlo lapli a, sa ki ka lakòz inondasyon ak dlo lapli. An reyalite, gen kèk kominote ki pi pa pre lanmè men ki pi ekspoze a inondasyon.



Elevasyon nivo lanmè ka poze risk pou sante. Inondasyon ka diminye kapasite pou nou deplase, sa ka vin oblige moun fè deplasman nan dlo ki ka melanje ak polyan ki sou wout nou yo, ki poze yon risk pou sante nou. Inondasyon kapab afekte kay ki batì sou elevasyon ki ba anpil yo tou, nan kreye mwazi ki se yon danje pou lasante. Inondasyon kwonik ak elevasyon nivo lanmè a ka degrade enfrastrikti esansyèl ki nesesè pou nou fonksyone yo tankou kanal egou ki anba tè ak tank septik yo, li ka kreye fuit ki kapab fè nou malad. Amelyorasyon ak reparasyon enfrastrikti koute chè epi yo ka vide bidjè vil yo - epi depans sa yo, se rezidan yo ki pral peye pou yo an taks.



Elevasyon nivo lanmè menase dlo potab. Anmezi dlo sale ki soti nan oseyan an ap avanse pi fon nan tè ki pa nan zòn kotyè yo li kapab afekte rezèv dlo potab nou an, ki nan Sid Florid, soti nan akwifè souteren ki estoke dlo dous. A yon pi lon tèm, anmmezi dlo dous ap vin mwens disponib, pri dlo pral ogmante. Rediksyon rezèv dlo dous afkte agrikilti, tou, ki se youn nan pi gwo motè ekonomik nan rejyon nou an.



Sea level rise may increase our insurance. The Federal Emergency Management Agency (FEMA) Elevasyon nivo lanmè ka ogmante bòdwo nou yo. Federal Emergency Management Agency (FEMA) (Ajans Federal Jesyon Ijans) fè kat jeyografik inondasyon dapre "zòn inondasyon" ki base sou kote inondasyon gen plis chans rive. Se zòn inondasyon FEMA identife yo ki detèmine to asirans inondasyon yon pwopriyetè gen pou li peye. Anmezi risk inondasyon ap ogmante epi yo ap met kat jeyografik yo ajou, gen lòt pwopriyete ki pral oblige peye plis pou asirans inondasyon, sa ki pral ogmante depans pwopriyetè kay - depans ke pi souvan yo pase bay lokatè yo. Ogmantasyon risk inondasyon ka rann katye ki gen plis elevasyon pi dezirab. Si pa gen bon jan planifikasyon ki fèt, katye abòdab ki nan zòn ki pi elve yo ka vin pi chè, e sa pral lakòz deplasman fòse rezidan ki te la depi lontan yo.



Elevasyon nivo lanmè pral fè siklòn yo vin pi danjere. Elevasyon nivo lanmè vle di lè yon siklòn frape, vag tanpèt yo vin pi wo e pa konsekan yo ap fè plis domaj epi yo ap pi danjere. Si yon tanpèt mouye - yon tanpèt ki pote anpil gwo lapli - frape pandan ke mare yo wo, drenaj dlo lapli pap ka fèt byen vit paske li pa gen okenn kote pou li ale.

Kominote ke chanjman klimatik afkete anpremye

Vilnerabilite fas ak elevasyon nivo lanmè ak inondasyon yo gen yon rapò trè pwòch ak pozisyon sosyoekonomik yon kominote, ki gen ladan faktè tankou laj, richès, revni, ras, ak sante. Kominote ki gen anpil moun aje, trè jèn, rezidan ki pa gen anpil revni, oswa rezidan ki pa an sante, ka gen mwens resous pou yo prepare pou inondasyon oswa siklòn, epi yo ka pa gen mwayen pou deplase ale nan zòn kote gen mwens risk yo².

An patikilye, kominote Nwa ak Bren yo afekte pa politik lojman diskriminatwa ki ilegal jounen jodia, tankou sa yo rele "redlining" ipotèk la (bank ki refize bay moun ki ret nan yon seri de zòn ipoptèk paske zòn nan twò pòv) ak segregasyon nan lojman publik. Nan anpil gwo vil Ozetazini, gen katye ki toujou gen segregasyon. Katye sa yo twò souvan yo te refize ba yo aksè e jiska prezan yo pa gen aksè ak eleman fondamantal ki pou asire pwosperite ekonomik ak byennèt ki pou pèmèt kominote yo vin pi fleksib fas ak ogmantasyon inondasyon oswa ak siklòn k ap fè plis domaj yo.



1 <https://oceanservice.noaa.gov/facts/nuisance-flooding.html>

2 <https://www.ucsusa.org/sites/default/files/attach/2015/11/surviving-and-thriving-full-report.pdf>

Kijan gouvènman lokal la ap travay pou diminye enpak yo

Evaluasyon risk. Iulantifye ki kominote, enfrastrikti kritik, ak sektè ekonomik ki pi vilnerab e ki pi ekspose a elevasyon nivo lanmè.

Mizajou estanda ak règleman pou ogmante pwoteksyon. Mande pou developman ki pral fèt nan lavni yo bati dapre estanda ki pi elve pou adapte avèk elevasyon nivo lanmè yo, ak nan mizajou plan pou itilizasyon tè ak kòd zonaj yon fason pou garanti ke developman yo mete moun yo alabri.

Angajman ak moun ki pi afekte yo. Angaje avèk katye ak kominote kote inondasyon ap fèt pou ko-kreye estrateji adaptasyon ak envestisman.

Envestisman nan espas ki vèt. Plis pak ak espas vèt ka diminye enpak inondasyon, pandan yo ap ofri kominote a lòt avantaj.

Elevasyon ak pwoteksyon byen kominotè ki esansyèl yo. Kote gen inondasyon kwonik ki déjà ap fèt, gouvènman lokal yo ap elve wout ak lòt enfrastrikti kritik ke kominote yo depann de yo, epi envesti nan ponp ak lòt solisyon yo jwenn nan syans jeni pou retire dlo.

Acha pwopriyete ki te sibi plizyè inondasyon. Nan kèk ka, gouvènman lokal yo ap achte kay ki sijè a inondasyon yo pou pèmèt pwopriyetè yo jwenn konpansasyon ki jis pandan yo ap diminye ekspozisyon yo ak risk inondasyon.



Kisa mwen ka fè?

Aprann risk inondasyon kay ou. Antre adrès ou sou zouti sa a pou wè ki risk elevasyon nan nivo lanmè, inondasyon mare wo, ak vag tanpèt ki gen nan kote w rete a.

Diminye ekspozisyon a risk ki asosye ak elevasyon nivo lanmè. Pa mache oswa kondui machin ou nan dlo inondasyon. Fè yon plan epi prepare bonè pou siklòn. Sizanka ta vin gen yon siklòn, suiv konsèyjesyon dijans lokal yo pou deplase ale nan yon abri lokal si w ap viv nan yon zòn evakyasyon kote w ap fè fas ak danje vag tanpèt.

Sèvi ak vwa w pou pran aksyon pou klima a. Patisipe nan reyinyon komisyon vil oswa konte w, ekri ofisyèl eli w yo sou enkyetid ou genyen konsènan elevasyon nivo lanmè a, epi vote nan chak eleksyon.



Photo credit: Miami Community Newspaper